

**Pa Prezidan Henry B. Eyring**

Premye Konseye nan Premye Prezidans lan



# Toujou Sonje Li

**È** ske ou kapab imajine avèk mwen lè pwofèt Mowoni t ap ekri pawòl final Liv Mòmmon yo sou plak lò yo? Li te poukont li. Li te wè nasyon l lan, pèp li a, ak fanmi l tonbe. Tè sa a sete “yon chenn” اساسina ak masak (Mòmmon 8:8). Malgre sa, li te gen esperans, paske li te wè epòk nou an! E nan pami tout bagay li ta kapab ekri, li te envite nou pou nou *sonje* (gade Mowoni 10:3).

Prezidan Spencer W. Kimball (1895–1985) te renmen ansenye ke mo ki pi enpòtan nan diksyonè a se ta petèt *sonje*. Paske nou te fè alyans ak Bondye, li te di, “pi gwo bezwen nou se pou nou *sonje*” yo.<sup>1</sup>

Nou kapab jwenn mo *sonje* a atravè ekriti yo. Lè Nefi te avèti frè l yo, souvan li te konn envite yo pou *sonje* pawòl Senyè a epi pou yo *sonje* jan Bondye te sove zansèt yo (gade 1 Nefi 15:11, 25; 17:40).

Nan gran mesaj orevwa l la, Wa Benjemen te itilize mo *sonje* a sèt fwa. Li te espere ke pèp li a t ap *sonje* “grandè Bondye . . . ak bonte Li ak pasyans Li” anvè yo (Mozya 4:11; gade tou 2:41; 4:28, 30; 5:11–12).

Lè Sovè a te tabli sentsèn nan, Li te envite disip Li yo pou pran anblèm yo “an souvni sakrifis Li a” (Lik 22:19). Nan chak priyè sentsèn ou menm avèk mwen tande, mo *toujou* a vini avan mo *sonje* a (gade D&A 20:77, 79).

Mesaj mwen an se yon envitasyon, menm yon egzòtasyon, pou nou *sonje*. Men twa sijesyon konsènan kisa n kapab *sonje* chak semèn lè n ap pran anblèm sakre sentsèn yo. Mwen espere y ap itil nou, menm jan yo te itil mwen an.

## Sonje Jezikri

Premyèman, *sonje* Sovè a. *Sonje* kiyès Li te ye pandan Li te sou tè a, jan li te pale ak lòt moun, epi jan li te montre jantiyès nan sa l te fè yo. *Sonje* avèk kiyès Li te konn pase tan epi kisa Li te ansenye. Sovè a te “mache fè byen” (Travay 10:38). Li te vizite moun malad. Li te angaje pou fè volonte Papa L.

Sitou, nou kapab *sonje* gran pri li te peye, nan lanmou L pou nou, pou retire tach peche nou yo. Lè nou *sonje* L, dezi nou pou nou suiv Li ap grandi. N ap anvi vin yon tijan pi janti, pi padonan, epi n ap gen plis dezi pou chèche konn volonte Bondye epi fè l.

## Sonje Kisa W Bezwen Fè Pi Byen

Li difisil pou nou panse ak Sovè a—pite L ak pèfeksyon L—san nou pa panse sou kijan nou plen defo e kijan nou enpafè tou, an konparezon. Nou te fè alyans pou nou obeyi kòmmandman L yo, men plizyè fwa nou pa alowotè nivo elve sa a. Men Sovè a te konnen sa t ap rive, se poutèt sa Li bannou òdonans sentsèn nan.

Sentsèn nan gen rasin li nan pratik Ansyen Testaman an pou ofri sakrifis, ki te gen ladan l yon konfesyon peche (gade Levitik 5:5). Nou pa sakrifye bèt ankò, men nou kapab toujou abandone peche nou yo. Ekriti yo rele sa yon sakrifis “yon kè brize, ak yon lespri kontri” (3 Nefi 9:20). Vini nan sentsèn nan avèk yon kè repantan (gade D&A 59:12; Mowoni 6:2). Lè nou fè sa, n ap resevwa padon pou peche nou epi nou p ap kite chemen ki menen tounen al jwenn Bondye a.

## Sonje Pwogrè Nou N Ap Fè

Lè nou egzamine lavi nou pandan òdonans sentsèn nan, m swete panse nou santrè non sèlman sou sa nou te fè ki pa t bon men sou sa nou te fè ki bon tou—moman kote nou te santi Papa nou ki nan Syèl la ak Sovè a te kontan avèk nou. Nou kapab menm pran yon moman pandan sentsèn nan pou mande Bondye pou ede nou wè bagay sa yo. Si nou fè sa, mwen pwomèt n ap santi yon bagay. N ap santi espwa.

Lè mwen m te fè sa, Lespri a te ban m asirans ke menm si m toujou lwen pèfeksyon, mwen pi bon jodi a pase jan mwen m te ye yè. Epi sa ban m konfyans ke, gras ak Sovè a, mwen kapab pi bon toujou demen.

*Toujou* siyifi anpil tan, epi li vle di fè anpil efò ki konsantrè. Nou konnen pa eksperyans kòman sa difisil pou panse pwofondeman ak yon sèl bagay tout tan. Men kèlkeswa fason nou kenbe pwomès pou nou toujou sonje L la, Limenm li toujou sonje nou.

Sovè a konnen pwoblèm nou. Li konnen konn kisa sa vle di pou gen presyon lavi a sou nou. Li konnen kann nan ki pwèn nou bezwen benediksyon ki vini lè nou toujou sonje L epi obeyi L la—“pou [nou] kapab *toujou* gen Lespri L avèk [nou]” (D&A 20:77; italik ajoute).

Konsa, Li swete w byenveni sou tab sentsèn nan chak semèn, yon fwa ankò pou ofri w chans pou w temwanyè devan Li ke w ap toujou sonje Li.

### NÒT

1. Spencer W. Kimball, “Sèk Egzaltasyon” (diskou enstriktè relijyon Sistèm Edikatif Legliz la, 28 Jen, 1968), 5

## ANSEYE APATI MESAJ SA A

Lavi a kapab vin okipe epi sa ka rann li difisil pou nou toujou sonje Sovè nou an Jezikri. Sepandan, sentsèn nan ban nou yon moman espesyal chak semèn kote nou ka reflechi sou lavi Li ak ansèyman L yo. Diskite avèk moun w ap vizite yo sou fason ou ka itilize moman silans sa yo nan moman an, ak kijan ou ka plis konsantrè sou Sovè a. Kijan ou w kapab itilize moman sa yo pou reflechi sou bagay ou kapab amelyore pèsonèlman ? Ki valè sa genyen pou w sonje pwogrè w fè chak semèn?

## JÈN YO

### Twa Bagay Pou Nou Sonje

**M**o *sonje* a parèt plizyè fwa nan Liv Mòmmon an. Nefi te ankouraje frè l yo pou yo sonje kijan Bondye te sove zansèt yo. Wa Benjamen te mande pèp li a pou yo sonje grandè Bondye. Epi Mowoni te bay lektè l yo lòd pou yo sonje kijan Senyè a plen mizèrikòd.

Li esansyèl pou nou sonje Sovè a—nou menm fè alyans pou nou sonje L chak fwa nou pran sentsèn. Prezidan Eyring envite nou pou nou sonje twa bagay sa yo pandan sentsèn nan:

- 1. Sonje Jezikri:** Li ekriti konsènan kijan Sovè a te sèvi epi montre lanmou pou lòt moun. Kijan w santi lanmou L? Kijan w kapab sèvi epi montre lanmou pou lòt moun jan Sovè a te fè a?
- 2. Sonje kisa w bezwen fè pou w amelyore:** Reflechi sou semèn pase a avèk yon kè repantan. Chwazi yon bagay ou kapab chanje, epi ekri kijan w pral fè amelyorasyon sa a. Mete bi w la yon kote w ap wè l souvan.
- 3. Sonje pwogrè w ap fè:** Mande Bondye pou ede w wè bon pwogrè w ap fè. Ekri sa w santi.

Nou pa pafè, men Sovè a konn sa. Se poutèt sa Li mande nou pou nou sonje L. Lè nou sonje L, sa ban nou espwa epi sa ede nou gen dezi pou n amelyore. Menm lè nou pa sonje L, Prezidan Eyring di, “Li toujou sonje nou.” “Sonje kijan Senyè a gen mizèrikòd” (Mowoni 10:3).

## TIMOUN YO

### Sonje Jezi

**E**kriti yo ansenye ke nou dwe toujou sonje Jezikri. Sa vle di nou dwe panse avèk Li *anpil* epi suiv egzanp Li! Mete yon foto Jezi kote w ap wè l souvan. “Epi si nou toujou sonje m, n ap gen Lespri m avèk nou” (3 Nefi 18:7).



Lafwa, Fanmi, Sekou

# Chèche Konnen Limenm Ak Fanmi Li

*Vizit ofwaye la pou nou chèche konnen epi renmen chak sè pou nou kapab ede ranfòse lafwa l epi rann sèvis.*

**R**ita Jeppeson ak sè ki fè vizit ofwaye lakay li a te vin bon zanmi pandan yo t ap fè vizit ak pataje prensip levanjil yo. Men vizit yo toujou enkli jwe jwèt mo ansanm. Se bagay Rita pi renmen nan moun k ap vizite l yo paske l konnen yo se zanmi li epi vizit yo se pa jis pou “tcheke” yon tach kòm konplè nan yon lis. Gen sitèlman anpil bagay sè yo kapab fè pandan yon vizit, tankou al mache ansanm, oubyen rache kèk move zèb nan jaden an pandan timoun yo ap jwe.

Èldè Jeffrey R. Holland nan kolèj Douz Apot yo te di, “Konsidere sa ou kòm anbasadè Senyè a pou pitit Li yo. . . . Nou espere . . . ke w ap etabli yon tradisyon sousi sensè ki oryante sou levanjil la pou manm yo, pandan ke youn ap veye sou lòt epi youn ap pran swen lòt, pandan n ap

reponn bezwen esprityèl ak tanporèl yo nan tout fason nou kapab.”<sup>1</sup>

Senyè a te kòmande pitit Izrayèl yo palentèmedyè Moyiz pou “nou aji avèk etranje a menm jan nou aji avèk moun natif natal peyi a. Se pou nou renmen yo tankou nou renmen pwòp tèt pa nou” (Levitik 19:34). Sè n ap vizite a gen dwa se “etranje” lè nou kòmanse sèvis nou, men lè nou chache konnen l ak fanmi li, n ap gen pi gwo dezi pou nou “youn pote chay lòt, pou yo kapab vin lejè” ak pou “ke nou makonnen ansanm nan inite ak lanmou youn pou lòt” (Mozya 18:8, 21).

Reyna I. Aburto, Dezyèm Konsèyè nan Prezidans Jeneral Sosyete Sekou a, sonje lè l te yon nouvo manm divòse nan Legliz la. Li te di, “Sè ki te enstriktris ofwaye m yo te vin lakay mwen epi yo te pote youn

santiman chalè ak apatenans ak lanmou nan kè mwen.”<sup>2</sup>

## **Konsidere Sa**

Nan fanmi sè w ap vizite yo, ki evènman ki pral rive ke w ta dwe konnen epi sonje ?

### **NÒT**

1. Jeffrey R. Holland, “Reprezantan Legliz la,” *Liahona*, Nov. 2016, 62.
2. Reyna I. Aburto, “Kisa Sosyete Sekou te ye Pou Mwen?” Konferans pou fi yo nan Inivèsite Brigham Young, 5 Me 2017, LDS.org.

## **Sèvi**

Pandan n ap vin konnen epi renmen chak sè n ap vizite yo avèk fanmi yo, n ap resevwa enspirasyon pèsònèl pou nou konn kijan pou nou reponn bezwen esprityèl ak tanporèl yo chak.